Li Sa a Anvan

Evèk*
Garland F. Byers, Jr., J.D., D.D.‡
Evèk pou Nasyon yo, anba Mandatman Apostolik

Si w ap li deklarasyon doktrinal nimewote evèk la yo, nou rekòmande w anpil pou w fè lapriyè sa a epi pou w li e aksepte pati pou mare a ki nan Dezyèm Pati a, pou w ka li san anyen pa bare w, san anyen pa anpeche w.

Premye Pati: Lapriyè pou Mare a

Lapriyè sa a fèt pou l' premye nan de pati, pou l' bay lektè a bon dispozisyon espirityèl ak pwoteksyon espirityèl li bezwen lè l' ap li yon ekri apostolik ki pale sou lagè espirityèl. Lapriyè pou Mare a fèt pou yo li l' ansanm ak Lòd Apostolik pou Mare a ki vin apre l' la. Lapriyè a mande Bondye pou l' fè mare a gen efè pa pwòp pouvwa pa l', epi apre sa evèk la bay yon lòd apostolik pou mare, e yo mande Bondye pou l' fè lòd sa a respekte nan Non Jezikri.[1]

Bondye ki gen tout pouvwa a,[2] Bondye ki anwo nan syèl la,[3] Papa nou ki nan syèl la,[4] Kreyatè syèl la ak latè a,[5] nou menm[6] nou vin jwenn ou nan lapriyè[7] nan Non[8] sèl Pitit ou a,[9] Jezi,[10] sèl moun ki kanpe ant Bondye ak lèzòm pou mete yo dakò.[11] Papa, ekri sa yo se ansèyman apostolik Pawòl ou[12] e yo fèt pou fè lwanj ou, ou menm ak Pitit ou a, Jezikri.[13] Nou konnen lènmi an[14] vini kou pawòl la fin simen[15] epi li rache l' nan kè moun, pou moun pa kwè, pou yo pa sove.[16] Satan se bondye lemonn sa a jouk Kris la tounen,[17] e li bouche lespri moun,[18] li fè zòrèy yo vin lou,[19] li mete dezòd,[20] e li fè moun ki kwè a bliye sa yo te moutre l'.[21]

Se poutèt sa, Papa, men sa nou mande ou[22] pou tout moun k' ap li Ekri Apostolik sa yo:[23]

Nou mande pou Sentespri a ba yo pouvwa[24] pou yo li ansèyman sa yo ak konprann[25] ak bon jijman,[26] pou yo li yo ak lespri Kris la[27] e pa ak yon lespri lachè ki tonbe nan peche.[28]

Nou mande pou Sentespri a, Seyè nou Jezikri te voye a[29] lè l' te moute nan syèl la vin chita sou bò dwat ou,[30] fè yo li ak je espirityèl[31] e pou l' fè yo chonje tout bagay.[32]

Nou mande pou kè yo louvri pou yo resevwa ansèyman[33] e pou yo mennen yo nan tout verite a[34] e, lè yo li ansèyman sa yo, pou ou rale yo pi pre ou[35] e pou yo viv pou ou nèt gremesi Verite ou.[36]

Nou mande pou ou mare mechan an,[37] papa manti a,[38] lènmi lèzòm[39] ki rayi ou e ki rayi nou,[40] nou menm ou te kreye pòtre ak ou.[41] Nou mande pou ou mare l' pou l' pa anpeche moun konprann,[42] pou l' pa leve move santiman nan moun lè yo tande verite a,[43] pou l' pa bouche zòrèy yo e pou l' pa fè kè yo vin di,[44] e pou l' pa fè yo bliye ansèyman sa yo[45] e konsa fè ansèyman yo pa bay fwi nan yo[46] nan lagè espirityèl n' ap mennen koulye a.[47]

Nou lapriyè pou ou beni moun k' ap li ansèyman sa yo,[48] beni yo ak tout kay yo,[49] e pou ou mare lènmi an pou l' pa tire revanj sou yo[50] paske yo t' ap chache figi ou.[51] Nou lapriyè pou san Jezi kouvri yo,[52] kouvri ansèyman sa yo, e kouvri tout kay espirityèl yo.[53] Lage pouvwa ou, O Seyè,[54] epi pwoteje moun ou chwazi yo.[55]

Nou mande pou ansèyman sa yo pare moun k' ap li yo[56] pou yo mennen yon lavi dwat ki fè ou plezi[57] e pou yo vin sanble ak Kris la plis toujou[58] chak jou ki pase.[59]

E finalman, Papa, nou mande pou ou fè mare espirityèl la gen efè,[60] mare sèvitè ou la pral mete sou ekri sa yo koulye a,[61] pou lènmi an kouri,[62] e pou lènmi an tranble ak laperèz[63] si yo ta janbe lantouraj pwoteksyon ou a.[64]

Nou di ou mèsi e nou fè lwanj ou,[65] Papa, paske ou pa kite nou san defans nan lagè espirityèl sa a.[66] Ou ban nou Pawòl ou, ki se nepe Lespri a[67] e ki pi file pase nenpòt nepe de bò.[68] Ou bay sèl Pitit ou a, Seyè nou Jezikri, pou nou ka gen lavi ki p' ap janm fini an[69] e pou nou ka goumen kòm moun ki deja genyen batay la, e pa kòm moun ki pèdi,[70] paske Kris la triyonfe sou chèf ak pouvwa yo e li fè yo wont devan tout moun,[71] chèf ak pouvwa bondye lemonn sa a mete nan plas ki wo yo.[72] Gremesi San li nou geri,[73] nou fè lapè avè ou ankò,[74] e nou resevwa kouwòn viktwa a ak lavi ki p' ap janm fini an.[75] Ou voye Sentespri ou

pou l' mennen nou nan tout verite a,[76] e ou ban nou Kò Kris la sou latè, sa vle di Legliz la,[77] Legliz Kris la te di sou li: «...Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.»[78]

E nou di ou mèsi, Papa, paske ou tande nou,[79] e nan lafwa nou konnen ou pral beni nou e ou pral reponn lapriyè nou.[80]

Tout bagay sa yo nou mande yo nan Non[81] Seyè nou ak Sovè nou, Jezikri.[82] Amèn.[83]

> **Tanpri, sonje:** Lapriyè pou Mare a, pou kont li, ka pa gen efè. Jan lapriyè a li menm fè konnen, Satan ak lame zanj rebèl li yo konn atake e tire revanj sou moun k' ap li Pawòl Bondye. Evèk la konsidere sa tankou yon bagay ki grav anpil, ki mande pi gwo pwoteksyon ki posib. Se poutèt sa yo ankouraje lektè a pou l' li Lòd Apostolik pou Mare a tou, e pou l' li l' nan lapriyè.

Koulye a, avèk respè e nan lapriyè, yo voye lektè a nan Lòd Apostolik pou Mare a pou l' gen tout pwoteksyon li bezwen lè l' ap li ekri apostolik ki sou sit entènèt sa a.

Dezyèm Pati: Lòd Apostolik pou Mare a

Lòd Apostolik pou Mare a ap prepare e y ap pibliye l' isit la. Fòk yo li l' ansanm ak Lapriyè pou Mare a, anvan yo li ekri apostolik ki sou sit entènèt sa a.

Dènye revizyon: 19 oktòb 2026

Nòt

1 Se yon gwo mistè pou mwen paske, depi prèske de mil an, Legliz la konnen Satan ak lame zanj rebèl li yo vòlò Pawòl Bondye nan men pèp Bondye a nan plizyè fason, avèk lide pou kenbe yo nan inyorans Verite a. «Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.» Jan 14:6 (Bib La). Men poutan, pa gen okenn ekri Legliz, ni okenn ekri yon otè kretyen mwen konnen, ki kòmanse ak yon lapriyè pou mare oswa ak yon lòd pou mare ki soti nan bouch yon moun ki gen otorite, ki gen pozisyon evèk oswa apòt. Avèk lagè espirityèl tout moun rekonèt Legliz la ak manm Kò Kris la ap mennen koulye a, mwen wè li rezonab e li saj pou mete yon lapriyè pou mare konsa nan tout ekri ki pale sou zafè lafwa kretyen an.

2 «...Seyè a parèt devan l', li di l' konsa. Mwen se Bondye ki gen tout pouvwa a. Se pou ou toujou fè sa m' di ou fè. Se pou ou mennen yon vi san repwòch.» Jenèz 17:1 (Bib La); «...Lajounen kou lannwit y'ap chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, Bondye sèl Mèt ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la koulye a, ki gen pou vini an.» Revelasyon 4:8 (Bib La).

3 «Mèlkisedèk menm ki te wa peyi Salèm fè pote pen ak diven vini. Se yon prèt ki t'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la li te ye. Li beni Abram, li di. Se pou Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè a, beni Abram.» Jenèz 14:18–19 (Bib La); «(057:3) M'ap kriye nan pye Bondye ki anwo nan syèl la, nan pye Bondye ki fè anpil byen pou mwen an.» Sòm 57:2 (Bib La).

4 «Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou.» Matye 6:9 (Bib La).

5 «Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a.» Jenèz 1:1 (Bib La); «...Seyè a se Bondye ki la pou tout tan an! Se li menm ki kreye tout latè. Li pa janm bouke, li pa konn pèdi souf...» Ezayi 40:28 (Bib La); «Sekou mwen soti nan men Seyè a. Se li menm ki fè syèl la ak latè a.» Sòm 121:2 (Bib La); «O Mèt, se ou menm ki fè syèl la, tè a, lanmè a ak tout sa ki ladan yo.» Travay 4:24 (Bib La).

6 «Nou menm» la vle di lektè a ansanm ak evèk ki ekri a.

7 «Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite.» Ebre 4:16 (Bib La).

8 «...nenpòt bagay nou mande Papa a nan non mwen, la ban nou li.» Jan 16:23 (Bib La); «Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a.» Jan 14:13 (Bib La).

9 «Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.» Jan 3:16 (Bib La); «...sèl Pitit Bondye a, li menm ki Bondye tou, li menm k'ap viv kòtakòt ak Papa a, se li menm ki fè moun konnen Bondye.» Jan 1:18 (Bib La); «...Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l' te ka ban nou lavi.» 1 Jan 4:9 (Bib La).

10 «...Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.» Matye 1:21 (Bib La).

11 «Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.» 1 Timote 2:5 (Bib La); «Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.» Jan 14:6 (Bib La); «...kontra li te ranje ant Bondye ak lèzòm lan pi bon lontan, li gen pi bon pwomès ki garanti li.» Ebre 8:6 (Bib La); Pawòl «mete lèzòm dakò ak Bondye» la rete jan li ekri nan 1 Timote 2:5 (Bib La), jan yo tradui l' soti nan grèk orijinal la, pou Ekriti a ka site san manke anyen. Mo grèk la se *anthrōpos* (Strong's G444), ki vle di moun san gade si se fanm oswa gason, diferan de *anēr* (G435), ki vle di yon nonm, yon gason. Kidonk vèsè a gen ladan l' fanm kou gason, paske nan Kris la «Koulye a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri.» Galasi 3:28 (Bib La).

12 «Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo, yo t'ap viv ansanm tankou frè yonn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè.» Travay 2:42 (Bib La); «Se sa ki fè, frè m' yo, se pou nou kenbe fèm. Pa bliye tou sa nou te aprann nan bouch mwen ak nan lèt mwen an.» 2 Tesalonik 2:15 (Bib La); «Nou menm moun lòt nasyon yo, nou se kay Bondye ap bati sou fondasyon apòt yo ak pwofèt yo te poze a, men se Jezikri menm ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a.» Efèz 2:20 (Bib La); «Fè konnen pawòl Bondye a, mache bay li san pran souf, nan tout sikonstans, tan an te mèt bon li te mèt pa bon. Bay tout kalite prèv, rale zòrèy, bay konsèy, moutre moun yo verite a avèk pasyans nèt ale.» 2 Timote 4:2 (Bib La).

13 «Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. ... Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn.» 1 Piè 4:11 (Bib La); «O Papa, lè a rive. Fè yo wè bèl pouvwa Pitit la, pou Pitit la ka fè yo wè bèl pouvwa ou la tou.» Jan 17:1 (Bib La); «Konsa, tout moun va gen respè pou Pitit la, menm jan yo gen respè pou Papa a.» Jan 5:23 (Bib La); «... nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye.» 1 Korint 10:31 (Bib La).

14 «Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore.» 1 Piè 5:8 (Bib La).

15 «...kote pawòl la tonbe a. Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Mak 4:15 (Bib La); «...Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Matye 13:19 (Bib La).

16 «Gen moun ki sanble ak tè bò chemen kote grenn yo tonbe a. Yo tande, men Satan vini, li rache pawòl la nan kè yo pou yo pa kwè, pou yo pa sove.» Lik 8:12 (Bib La).

17 «...Koulye a, yo pral mete chèf k'ap dominen lemonn lan deyò.» Jan 12:31 (Bib La); «...chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay koulye a nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo.» Efèz 2:2 (Bib La); «Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo...» 2 Korint 4:4 (Bib La); «Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l' nan lètan difè ak souf la, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan.» Revelasyon 20:10 (Bib La).

18 «Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye.» 2 Korint 4:4 (Bib La).

19 «Espri bèbè, espri soudè, se mwen k'ap kòmande ou: soti sou tibway la, pa janm antre sou li ankò.» Mak 9:25 (Bib La); «Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Matye 13:19 (Bib La).

20 «Paske, Bondye pa rele nou pou nou viv nan fè dezòd, men li rele nou pou nou viv ak kè poze. Tankou sa fèt nan tout legliz pèp Bondye a...» 1 Korint 14:33 (Bib La); «Bon konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan lemonn, nan moun ak nan dyab la. Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mechanste.» Jak 3:15–16 (Bib La); «Men, mwen pè pou lespri nou pa pèvèti, pou nou pa manke Kris la pawòl, pou nou pa tonbe nan dezòd tankou Ev ki te kite sèpan an vire lòlòj li ak riz li yo.» 2 Korint 11:3 (Bib La).

21 «Se poutèt sa, nou dwe kenbe verite yo te moutre nou yo pi fèm toujou pou nou pa pèdi chemen nou.» Ebre 2:1 (Bib La); «Se poutèt sa, nou te mèt konnen bagay sa yo deja, nou te mèt kanpe fèm nan verite nou resevwa a, mwen p'ap janm manke fè nou chonje bagay sa yo.» 2 Piè 1:12 (Bib La); «Gen moun, yo sanble ak tè bò chemen kote pawòl la tonbe a. Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Mak 4:15 (Bib La).

22 «Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsi tou lè n'ap lapriyè.» Filip 4:6 (Bib La); «Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou.» Matye 7:7 (Bib La).

23 «Se poutèt sa, mwen pa janm sispann lapriyè Bondye pou nou depi jou mwen te rive konn sa. Mwen mande Bondye pou l' fè nou rive fin konnen volonte l' nèt ale, pou l' ban nou anpil lespri ak anpil konprann ki soti nan Sentespri.» Kolòs 1:9 (Bib La); «...mwen pa janm sispann di Bondye mèsi pou nou. Mwen toujou chonje nou lè m'ap lapriyè. Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l' pou li ban nou Sentespri l' ki bay bon konprann ki moutre nou sa Bondye ap devwale nou an pou nou ka rive konnen l' byen.» Efèz 1:16–17 (Bib La).

24 «Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa...» Travay 1:8 (Bib La); «M'ap mande Bondye pou li ban nou, dapre richès pouvwa li a, fòs ak kouraj nan kè nou, pa mwayen pouvwa Sentespri a, pou nou ka grandi nan karaktè nou...» Efèz 3:16 (Bib La).

25 «Fè tèt ou travay sou sa m' ap di ou la a. Seyè a va fè ou konprann tout bagay.» 2 Timote 2:7 (Bib La); «Lè sa a, li louvri lespri yo pou yo te ka konprann tou sa ki te ekri nan Liv yo.» Lik 24:45 (Bib La).

26 «Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo: yo te resevwa pawòl la byen vit san traka. Chak jou yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa Pòl t'ap di yo a se vre.» Travay 17:11 (Bib La); «Egzaminen tout bagay byen, kenbe sa ki bon.» 1 Tesalonik 5:21 (Bib La); «...granmoun yo konn jije, yo konn fè diferans ant sa ki bon ak sa ki mal.» Ebre 5:14 (Bib La); «Lè m'ap lapriyè Bondye, mwen mande l' pou nou gen plis renmen toujou, ak bonkou konesans pou nou ka rive konprann tout bagay, pou nou ka toujou chwazi sa ki pi bon...» Filip 1:9–10 (Bib La).

27 «...Ki moun ki konnen sa k'ap pase nan tèt Mèt la? Ki moun ki pou moutre l' sa pou l' fè? Men nou menm, nou konnen sa ki nan lide Kris la.» 1 Korint 2:16 (Bib La); «Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la.» Filip 2:5 (Bib La).

28 «Lè ou kite egzijans kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri. Men, lè ou kite egzijans Lespri a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze. Poukisa? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lalwa Bondye a, li p'ap ka soumèt menm.» Ròm 8:6–7 (Bib La); «Yon moun ki pa gen Lespri Bondye a nan kè l' pa ka asepte verite ki soti nan Lespri Bondye a. Pou li, se pawòl moun fou yo ye. Li pa kapab konprann yo, paske se Lespri Bondye a ki pou ede l' egzaminen yo.» 1 Korint 2:14 (Bib La); «...Sispann viv tankou moun ki pa konn Bondye epi k'ap swiv lide pa yo ki pa vo anyen. Lespri yo bouche, yo p'ap viv lavi Bondye bay la, paske yo pa konn anyen...» Efèz 4:17–18 (Bib La); «Se poutèt yon sèl moun peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò...» Ròm 5:12 (Bib La).

29 «Men, m'ap di nou laverite: li pi bon pou nou si m' ale. Paske, si m' pa ale, moun ki gen pou vin ankouraje nou an p'ap vin jwenn nou. Men, lè m' ale, m'a voye l' ban nou.» Jan 16:7 (Bib La); «Moun ki gen pou ankouraje nou an ap vini, se Lespri k'ap moutre nou verite a, se nan Bondye li soti. Papa a ap ban mwen l' pou m' voye ban nou, la pale nou sou mwen.» Jan 15:26 (Bib La).

30 «Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a.» Travay 2:33 (Bib La); «Apre Seyè Jezi te fin pale ak yo konsa, li moute nan syèl, li al chita sou bò dwat Bondye.» Mak 16:19 (Bib La).

31 «...pou l' louvri lespri nou, pou nou ka konnen kisa n'ap tann nan men Bondye ki rele nou an...» Efèz 1:18 (Bib La); «Louvri je m' pou m' ka wè bèl bagay ki nan lalwa ou la.» Sòm 119:18 (Bib La); «Lèfini, Elize lapriyè Seyè a, li di: —Seyè, tanpri louvri je l' pou l' wè!...» 2 Wa 6:17 (Bib La).

32 «Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se Papa m' k'ap voye l' nan non mwen. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou.» Jan 14:26 (Bib La).

33 «...Lidi ... Seyè a louvri lespri l' pou l' te swiv tou sa Pòl t'ap di.» Travay 16:14 (Bib La); «Mete tèt ou an plas lè y'ap moutre ou kichòy. Louvri zòrèy ou lè yon moun ki gen konesans ap pale.» Pwovèb 23:12 (Bib La); «...asepte pawòl li te plante nan kè nou an, paske se pawòl sa a ki ka sove nanm nou.» Jak 1:21 (Bib La).

34 «Men, li menm Lespri k'ap moutre verite a, lè la vini, la mennen nou nan tout verite a...» Jan 16:13 (Bib La).

35 «Pesonn pa ka vin jwenn mwen si Papa ki voye m' lan pa rele l' vini...» Jan 6:44 (Bib La); «...Nou menm moun pèp Izrayèl, mwen p'ap janm sispann renmen nou. Se poutèt sa m'ap toujou aji byen ak nou.» Jeremi 31:3 (Bib La); «Pwoche bò kot Bondye, Bondye va pwoche bò kote nou tou.» Jak 4:8 (Bib La); «Depi sou tan zansèt nou yo nou pa okipe sa m' te ban nou lòd fè. Nou pa swiv yo. Tounen vin jwenn mwen. Mwen menm, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa.» Malachi 3:7 (Bib La); «Men koulye a, mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a, men sa m' voye di nou: Tounen vin jwenn mwen, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se vre wi sa m'ap di nou la a.» Zakari 1:3 (Bib La).

36 «Fè yo viv pou ou nèt gremesi verite a. Pawòl ou se verite a.» Jan 17:17 (Bib La); «...Bondye chwazi nou pou nou ka premye moun ki pou delivre, gremesi pouvwa Sentespri ki fè nou tounen moun pa l', paske nou kwè nan verite a.» 2 Tesalonik 2:13 (Bib La).

37 «Mwen pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan, men pou ou pwoteje yo anba Satan.» Jan 17:15 (Bib La); «Apre sa, mwen wè yon zanj desann soti nan sièl la. Li te kenbe kle gwo twou san fon an nan men l' ansanm ak yon gwo chenn. Li pran dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele diab la, osinon Satan, li mete l' nan chenn pou mil (1.000) an.» Revelasyon 20:1–2 (Bib La); «...Pesonn pa ka antre lakay yon nonm vanyan pou vòlò byen l' yo, si li pa mare nonm vanyan an anvan.» Matye 12:29 (Bib La); «Men, Bondye ap toujou kenbe pawòl li. L'ap ban nou fòs, la pwoteje nou anba Satan.» 2 Tesalonik 3:3 (Bib La).

38 «Se Satan ki papa nou. Se sak fè nou vle fè sa papa nou vle. Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. Depi l' louvri bouch li, se manti

l'ap bay paske sè mantò li ye. Se papa nan bay manti li ye.» Jan 8:44 (Bib La).

39 «Lènmi ki simen move zèb yo, se Satan...» Matye 13:39 (Bib La); «...dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore.» 1 Piè 5:8 (Bib La); «Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, pou nou kraze tout pouvwa Satan anba pye nou...» Lik 10:19 (Bib La).

40 «...malè pou latè ak lanmè, paske Satan desann sou nou. Li move anpil, paske li konnen pa rete l' anpil tan ankò.» Revelasyon 12:12 (Bib La); «(17-18) Se pa ti move dragon an te move sou fanm lan. li al goumen avèk lòt pitit fanm lan, sa vle di ak tout moun k'ap obeyi kòmandman Bondye yo, k'ap kenbe fèm nan verite Jezi te fè nou konnen an.» Revelasyon 12:17 (Bib La); «Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun.» Jan 8:44 (Bib La).

41 «Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi.» Jenèz 1:27 (Bib La); «For God created man to be immortal, and made him to be an image of his own eternity. Nevertheless through envy of the devil came death into the world . . .» Sajès Salomon 2:23–24 (KJV) (liv sa a pa nan Bib La).

42 «Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Matye 13:19 (Bib La); «Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo...» 2 Korint 4:4 (Bib La).

43 «Si nou ankòlè, veye kò nou pou kòlè a pa fè nou fè sa ki mal. Pa al dòmi ak kòlè nan kè nou. Pa bay Satan pye sou nou.» Efèz 4:26–27 (Bib La); «Lè manm Gran Konsèy yo tande pawòl sa yo, yo fin pran chenn, yo manje dan yo sou Etyèn sitèlman yo te an kolè.» (lè yo te tande diskou Etyèn nan) Travay 7:54 (Bib La); «Men koulye a, èske mwen tounen yon lènmi pou nou paske m'ap di nou laverite?» Galasi 4:16 (Bib La); «...Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo pou yo ka tande. Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè. Paske, kòlè lèzòm pa ka fè volonte Bondye.» Jak 1:19–20 (Bib La).

44 «Paske, lespri pèp sa a vin lou. Yo bouche zòrèy yo, yo fèmen je yo...» Matye 13:15 (Bib La); «Okontrè, chak jou, se pou nou yonn ankouraje lòt toutotan n'ap viv nan epòk Liv la rele jòdi a. Piga nou yonn kite peche detounen nou, pou lè sa a nou pa rive nan kenbe tèt ak Bondye.» Ebre 3:13 (Bib La); «Ala moun gen tèt di! Tankou moun lòt nasyon yo, nou fèmen kè nou, nou fèmen zòrèy nou bay Bondye, n'ap kenbe tèt ak Sentespri toujou...» Travay 7:51 (Bib La).

45 «...Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.» Mak 4:15 (Bib La); «...si li pa yon moun ki kite pawòl la antre nan yon zòrèy soti nan yon lòt, men ki fè sa lalwa a mande, moun sa a va jwenn benediksyon nan sa l'ap fè a.» Jak 1:25 (Bib La); «...pou nou pa pèdi chemen nou.» Ebre 2:1 (Bib La).

46 «...traka lavi ak anvi gen lajan, tou sa toufe pawòl la, kifè yo pa ka bay anyen menm.» Matye 13:22 (Bib La); «Se konsa nou fè pawòl Bondye yo pase pou anyen ak pawòl pa nou n'ap transmèt yonn bay lòt...» Mak 7:13 (Bib La).

47 «Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a.» Efèz 6:12 (Bib La); «M'ap viv koulye a nan yon kò tankou tout

moun, se vre. Men, mwen p'ap goumen menm jan ak tout moun. Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. M'ap kraze tout pawòl esplikasyon ki pa bon ... M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la.» 2 Korint 10:3–5 (Bib La); «Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou.» Efèz 6:17 (Bib La).

48 «Benediksyon pou moun k'ap li liv sa a. Benediksyon pou tout moun k'ap koute pawòl mesaj sa a ki soti nan Bondye, pou tout moun k'ap obeyi tou sa ki ekri nan Liv sa a...» Revelasyon 1:3 (Bib La); «Se pou Seyè a beni nou, se pou l' pran swen nou. Se pou Seyè a fè nou santi li la avèk nou, se pou l' gen pitye pou nou. Se pou Seyè a fè nou wè jan li renmen nou, se pou l' ban nou kè poze.» Resansman 6:24–26 (Bib La).

49 «Tanpri, beni tout fanmi mwen apre mwen pou yo ka toujou anba pwoteksyon ou...» 2 Samyèl 7:29 (Bib La) (David k' ap lapriyè pou yon benediksyon sou kay espirityèl li, yon modèl dirèk pou lapriyè sa a); «Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.» Travay 16:31 (Bib La).

50 «Ou toujou pwoteje l', li menm, moun lakay li ansanm ak tou sa li genyen...» Jòb 1:10 (Bib La) (pawòl Satan Ekriti a rapòte ki montre pwoteksyon Bondye se tankou yon lantouraj ki fè wonn moun ki dwat yo ak kay yo [sa yon etid detaye sou Jòb konfime, men sa depase sa nou ka di nan referans sa a isit la]. Lè m' te konn ap travay ak kretyen fidèl mwen te sèvi yo, mwen te rele sa «Priye Lantouraj la».); «Simon, Simon, koute: Satan mande pouvwa pou l' pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen. Men, mwen lapriyè pou ou, Simon, pou konfyans ou nan Bondye pa febli...» Lik 22:31–32 (Bib La); «...Lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsekisyon akòz pawòl Bondye a, lamenm yo jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche.» Mak 4:17 (Bib La) (vèsè sa a montre Satan ak lame zanj rebèl li yo kapab, e pafwa yo konn, tire revanj sou moun ki tande oswa ki li Pawòl Bondye paske yo te resevwa Pawòl la. Lapriyè sa a mande Bondye pou l' pa pèmèt sa nan ansèyman sa a); «...okenn malè p'ap rive ou, okenn mechan p'ap ka pwoche bò kot kay ou.» Sòm 91:10 (Bib La) (... akòz Lantouraj yo te mande nan lapriyè a, Bondye te tande l', e li te reponn).

51 «Ou pale nan kè m', ou di m' vin jwenn ou. M'ap vin jwenn ou, Seyè.» Sòm 27:8 (Bib La) (yon lòd dirèk Bondye bay pou nou chache figi l', e yo rekonèt li isit la); «...si pèp ki pote non m' lan lapriyè nan pye m', si yo soumèt devan mwen, si yo pran chache m' ankò, si yo vire do bay vye peche yo t'ap fè yo, m'ap tande yo nan syèl kote m' ye a...» 2 Istwa 7:14 (Bib La).

52 «San nou pase sou pòt yo va make kay kote nou ye a. Lè m'a wè san an, m'a sote kay nou. Konsa, lè m'ap frape peyi Lejip la, chatiman an p'ap tonbe sou nou tou.» Egzòd 12:13 (Bib La); «...Paske Delivrans nou, se Kris la menm. Yo ofri l' bay Bondye pou nou deja tankou ti mouton yo konn touye lè fèt la.» 1 Korint 5:7 (Bib La); «Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a...» Revelasyon 12:11 (Bib La); «...Gremesi Sentespri li a, li mete nou apa pou li pou n' obeyi Jezikri, pou san Jezikri ki koule pou nou an ka mete nou nan kondisyon pou sèvi Bondye...» 1 Piè 1:2 (Bib La).

53 «Nou menm tou, tankou wòch vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prèt k'ap viv pou li. Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi.» 1 Piè 2:5 (Bib La); «Moyiz voye san an sou tout tant lan, sou tout bagay ki sèvi nan tant lan.

Dapre lalwa, san an mete prèske tout bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye...» Ebre 9:21–22 (Bib La) (isit la, yo mete san sou bagay yo sèvi nan sèvis Bondye a, e, se vre, anseye Pawòl la se yon zouti prensipal).

54 «(068:2) Lè Bondye kanpe, lènmi l' yo gaye, moun ki rayi l' yo kouri lè l' parèt.» Sòm 68:1 (Bib La); «Leve non, Seyè! Leve non! Mete kouraj ou sou ou, Seyè! Leve non, tankou nan tan lontan, jan ou te fè l' sou tan zansèt nou yo!...» Ezayi 51:9 (Bib La); «(021:14) Seyè, leve non. Fè yo wè fòs ou! N'a chante, n'a fè lwanj pou jan ou gen pouvwa!» Sòm 21:13 (Bib La); «Mwen mande l' pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè...» Efèz 1:19 (Bib La).

55 «(084:10) Bondye, ou menm ki tout pwoteksyon nou, voye benediksyon ou sou wa ou te chwazi pou nou an!» Sòm 84:9 (Bib La); «Piga nou manyen moun mwen chwazi yo. Piga nou fè pwofèt mwen yo anyen.» Sòm 105:15 (Bib La); «Se Seyè a ki tout fòs pèp li a. L'ap defann wa li chwazi a, l'ap delivre l'.» Sòm 28:8 (Bib La); «Pou nou menm, nou te resevwa Sentespri Kris la te voye sou nou an, konsa nou tout nou konn verite a.» 1 Jan 2:20 (Bib La) (tout moun ki kwè yo resevwa onksyon an).

56 «Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.» 2 Timote 3:16–17 (Bib La); «Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou anonse bon nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè. Konsa, li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans.» Efèz 4:11–12 (Bib La); «M'ap mande Bondye ki bay kè poze a pou l' fè nou favè sa a, pou nou fè tou sa ki byen, pou n' kapab fè volonte li. M'ap mande l' tou pou l' fè travay ki fè l' plezi nan nou, gremesi Jezikri...» Ebre 13:21 (Bib La).

57 «...pou nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak yon konpòtman ki respektab sou tout pwen. Se bagay konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi.» 1 Timote 2:2–3 (Bib La); «Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale.» Ròm 12:1–2 (Bib La); «...pou nou ka mennen yon lòt lavi ki kontwole, ki dwat, ki devwe pou Bondye pandan nou sou latè a.» Tit 2:12 (Bib La).

58 «Nou tout, nou pa kouvri figi nou; nou tankou yon glas k'ap fè moun wè pouvwa Bondye a: konsa chak jou n'ap transfòme, pouvwa li ap grandi nan nou, jouk tan n'a rive sanble nèt ak Seyè a. Sa se travay Seyè a. Lespri Bondye.» 2 Korint 3:18 (Bib La); «Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a.» Efèz 4:15 (Bib La); «Okontrè, se pou nou grandi nan favè ak konesans Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou...» 2 Piè 3:18 (Bib La); «Chemen moun k'ap mache dwat yo tankou solèy k'ap leve. Chak lè, l'ap vin pi klere jouk li fin jou nèt.» Pwovèb 4:18 (Bib La).

59 «...Menm si kò m' ap bese chak jou, lespri m' ap vin pi fèm chak jou tou.» 2 Korint 4:16 (Bib La).

60 «Men lè sèvitè m' pale, mwen ba l' rezon. Lè mesaje m' yo bay yon pawòl, mwen fè l' rive vre...» Ezayi 44:26 (Bib La) (n' ap mande Bondye pou l' konfime e pou l' fè rive vre pawòl sèvitè l' la di); «Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Tou sa n'a defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. ... Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li.» Matye 18:18–19 (Bib La); «Disip yo pati, y' al anonse Bon Nouvèl la toupatou. Seyè a t'ap travay ansanm ak yo: Anmenmtan li t'ap fè anpil mirak tou pou moutre sa yo t'ap di a se vre.» Mak 16:20 (Bib La).

61 «Se mwen menm Pòl, sèvitè Jezikri, yon nonm Bondye rele pou sèvi li apòt, yon nonm li mete apa pou anonse bon nouvèl li a...» Ròm 1:1 (Bib La); «Konprann sa byen, se pa tèt pa m' m'ap fè nou konnen: men se Jezikri, Seyè a, m'ap fè nou konnen. Mwen menm mwen di nou se sèvi m'ap sèvi nou poutèt Jezi.» 2 Korint 4:5 (Bib La); «M'ap ba ou kle Peyi Wa ki nan syèl la. Tou sa ou va defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis...» Matye 16:19 (Bib La).

62 «Se poutèt sa, desann nou devan Bondye. Men, pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou.» Jak 4:7 (Bib La); «Senk moun nan mitan nou va kont pou bat san lènmi, san moun nan mitan nou va kont pou bat mil lènmi. N'a kraze lènmi nou yo anba kout nepe nou yo.» Levitik 26:8 (Bib La); «Seyè a va fè nou kraze tout lènmi ki va atake nou. Lè y'ap vin sou nou, y'a mache ansanm sou yon sèl chemen. Men, y'a gaye toupatou lè y'ap kraze rak pou nou.» Deteronòm 28:7 (Bib La); «(068:2) Lè Bondye kanpe, lènmi l' yo gaye, moun ki rayi l' yo kouri lè l' parèt.» Sòm 68:1 (Bib La).

63 «Ou kwè gen yon sèl Bondye. Ou fè byen. Denmon yo tou yo kwè sa, men y'ap tranble sitèlman yo pè.» Jak 2:19 (Bib La); «Yon sèl kè kase, yon sèl sezisman pran yo. Avèk fòs ponyèt ou, ou fè yo rete rèd san yo pa kapab fè anyen...» Egzòd 15:16 (Bib La); «...Eske ou vin isit la pou fè n' soufri anvan lè nou?» Matye 8:29 (Bib La) (Sa se yon egzanp krentif pou Seyè a nan lènmi an, yo ekri l' pou moun ki fidèl nan Kris la ka kwè nan pouvwa l' tou).

64 «Ou toujou pwoteje l', li menm, moun lakay li ansanm ak tou sa li genyen...» Jòb 1:10 (Bib La) (Satan k' ap pale ak Bondye e k' ap rekonèt Bondye te anpeche l' manyen anyen ki gen rapò ak Jòb nan okenn fason, kòmsi yon lantouraj pwoteksyon, yon lantouraj dife ki apa pou Bondye, te fè wonn Jòb ak tout sa ki gen rapò avè l') («lantouraj» [an anglè «hedge»] se menm mo Ekriti a rapòte Satan li menm te sèvi pou l' dekri pwoteksyon Bondye; Bib La di «pwoteje»); «Seyè a pale, li fè konnen se li menm k'ap tankou yon gwo miray dife k'ap fè wonn lavil la pou pwoteje l'. Li di: M'ap rete nan mitan lavil la ak tout pouvwa mwen.» Zakari 2:5 (Bib La); «(034:8) Zanj Seyè a kanpe bò kote tout moun ki gen krentif pou li, pou pwoteje yo. Li delivre yo lè yo nan danje.» Sòm 34:7 (Bib La); «Bondye ap pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou, pou yo pwoteje ou kote ou pase.» Sòm 91:11 (Bib La).

65 «Antre nan tanp li, di l' mèsi! Antre kote ki apa pou li a, chante pou li! Wi, fè lwanj li, di l' mèsi!» Sòm 100:4 (Bib La); «Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsi tou lè n'ap lapriyè.» Filip 4:6 (Bib La).

66 «Mwen p'ap kite nou pou kont nou: M'ap tounen vin jwenn nou ankò.» Jan 14:18 (Bib La); «Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.» Efèz 6:11 (Bib La); «Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò.» 2 Korint 10:4 (Bib La).

67 «Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou.» Efèz 6:17 (Bib La).

68 «Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.» Ebre 4:12 (Bib La).

69 «Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa ta ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?» Ròm 8:32 (Bib La); «Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.» Jan 3:16 (Bib La).

70 «Men, ann di Bondye mèsi, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Seyè nou an!» 1 Korint 15:57 (Bib La); «Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen nou an.» Ròm 8:37 (Bib La); «Paske, depi se pitit Bondye ou ye, ou kapab genyen batay la sou lemonn. Men ki jan nou fè gengen batay la sou lemonn, se paske nou gen konfyans nan Bondye.» 1 Jan 5:4 (Bib La).

71 «Avèk Kris la ki mouri sou kwa a, Bondye wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn. Li fè tout moun wè sa yo ye. Li fè yo mache tankou prizonye devan Kris la ki te genyen batay la.» Kolòs 2:15 (Bib La).

72 «Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a.» Efèz 6:12 (Bib La); «Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo...» 2 Korint 4:4 (Bib La).

73 «Men, se pou peche nou kifè yo te mete san l' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze l' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon.» Ezayi 53:5 (Bib La); «Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil.» Efèz 1:7 (Bib La).

74 «Nou te lènmi ak Bondye lè Pitit Bondye a mouri pou l' te fè nou byen ak Bondye ankò. Koulye a nou se zanmi Bondye, nou pa bezwen mande si lavi Pitit Bondye a p'ap delivre nou.» Ròm 5:10 (Bib La); «Se li menm tou ki te vle fè tout bagay byen avè li ankò, gremesi Kris la, tou sa ki sou latè ak tou sa ki nan syèl la. Li mete lapè toupatou, gremesi san Kris la ki koule sou kwa a.» Kolòs 1:20 (Bib La).

75 «benediksyon pou moun ki sipòte eprèv li ak pasyans. Lè la fin pase anba eprèv yo, la resevwa pou rekonpans lavi Bondye te pwomèt tout moun ki renmen li yo.» Jak 1:12 (Bib La); «...Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n' mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans.» Revelasyon 2:10 (Bib La).

76 «Men, li menm Lespri k'ap moutre verite a, lè la vini, la mennen nou nan tout verite a...» Jan 16:13 (Bib La).

77 «Nou tout, nou se kò Kris la: nou chak se yon manm nan kò sa a.» 1 Korint 12:27 (Bib La); «Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l' pou l' sèl chèf legliz la. Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.» Efèz 1:22–23 (Bib La).

78 «Mwen menm, men sa m'ap di ou: Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.» Matye 16:18 (Bib La).

79 «Mèsi, Papa, dèske ou te tande mwen.» Jan 11:41 (Bib La) (Kris la k' ap di mèsi anvan Laza te leve soti vivan nan lanmò); «Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li. Konsa, non sèlman nou konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la.» 1 Jan 5:14–15 (Bib La).

80 «Se pou sa mwen di nou: Tou sa n'ap mande lè n'ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou resevwa l' deja, n'a wè sa rive vre.» Mak 11:24 (Bib La); «Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.» Ebre 11:6 (Bib La).

81 «...nenpòt bagay nou mande Papa a nan non mwen, la ban nou li. Jouk koulye a, nou poko mande anyen nan non mwen. Mande, n'a jwenn pou nou ka kontan nèt ale.» Jan 16:23–24 (Bib La); «Tou sa n'ap fè, tou sa n'ap di, fè l' nan non Seyè Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan li.» Kolòs 3:17 (Bib La).

82 «Okontrè, se pou nou grandi nan favè ak konesans Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, koulye a ak pou tout tan. Amèn.» 2 Piè 3:18 (Bib La).

83 «Paske se li menm ki fè nou wè tout pwomès Bondye yo se verite. Se poutèt sa tou, gremesi Jezikri, nou ka di amèn lè n'ap fè lwanj Bondye.» 2 Korint 1:20 (Bib La).

Tout pasaj Bib an kreyòl ki sou paj sa a soti nan *Bib La* (1985), ki nan domèn piblik. Tèks: ebible.org/hat. Yo site vèsè yo san yo pa chanje anyen; twa pwen (...) make kote yo kite yon pati.